Ankèt Child Protective Services nan Etablisman Swen Eta a Reglemante

Washington State Department of
CHILDREN, YOUTH & FAMILIES

Licensing Division/Child Protective Services (Ankèt Divizyon Otorizasyon/Sèvis Pwoteksyon Timoun, LD/CPS)

Sèvis LD/CPS DCYF la reponn a rapò sou maltretans oswa neglijans sou timoun ak jèn yo. Rapò sa yo konsène moun oswa etablisman leta a otorize pou pran an chaj timoun ak jèn yo. Sa gen ladan l fanmi akèy yo, etablisman swen an gwoup oswa rezidansyèl, kay gadri familyal, sant gadri, etablisman leta reglemante, ak pèsonèl k ap travay ladan yo.

Lè yon moun sispèk gen yon timoun oswa yon adolesan ki te viktim maltretans oswa neglijans, yo ka rele DCYF pou sinyale alegasyon sa yo. Nenpòt moun ki kwè yon timoun te viktim maltretans oswa neglijans ka rele 1-866-363-4276 oswa 9-1-1 pou sinyale ka a. Si alegasyon an fèt nan yon etablisman leta reglemante, ki otorize pou akeyi timoun oswa ki bezwen lisans, yo konfye dosye a bay LD/CPS pou ankèt. Sèvis LD/CPS la mennen ankèt sou alegasyon vyolans fizik, abi seksyèl, neglijans ak/oswa maltretans, eksplwatasyon seksyèl, trafik ak lanmò timoun.

Kisa ki pase lè LD/CPS ap mennen yon ankèt sou alegasyon maltretans oswa neglijans parapò ak yon timoun oswa yon adolesan?

Anketè a ap:

- Kontakte otorite polisye yo, si nesesè.
- Entèwoje prezime viktim yo.
- Enfòme w konsènan alegasyon yo pi vit posib, depi sa pa afekte ankèt la.
- Bay ou posiblite pou w reyaji ak rapò a.
- Entèwoje temwen yo ak tout lòt moun ki gen enfòmasyon pètinan konsènan prezime ensidan an.
- Ale sou plas pou egzamine dosye yo, politik yo, ak pou evalye etablisman an.
- Mande konsèy ekspè, si nesesè.
- Fini ankèt la nan yon delè rezonab. Objektif nou se fini ankèt la nan yon delè 60 jou, men li ka pran jiska 90 jou oswa plis si moun k ap fè respekte lalwa yo enplike. Si dire pwosedi a enkyete w, tanpri kontakte responsab LD/CPS rejyon w lan.
- Detèmine si yon timoun oswa adolesan te viktim maltretans oswa neglijans an akò ak lwa eta a.

Kisa konklizyon yo ye?

Anketè LD/CPS la detèmine si alegasyon an rive nan nivo maltretans oswa neglijans jan lwa eta a defini sa nan RCW 26.44.020. Yon alegasyon ka fonde oswa pa fonde.

Fonde vle di: Daprè enfòmasyon ki disponib yo, li plis pwobab pou maltretans oswa neglijans lan te rive vre.

Pa fonde vle di: Daprè enfòmasyon ki disponib yo, li plis pwobab maltretans oswa neglijans lan pa t rive, oswa pa te gen ase eleman prèv pou detèmine si maltretans prezime a te rive oswa pa t rive.

Lè ankèt la fini, w ap resevwa yon lèt atravè lapòs ki endike si alegasyon yo te fonde oswa pa t fonde. Si alegasyon yo fonde, lèt la ap endike w kijan pou w fè apèl kont konklizyon yo ak delè pou fè apèl la.

Menm si alegasyon yo pa fonde, otorite ki bay lisans ou a oswa otorite pwogram nan ka travay avèk ou pou rezoud nenpòt pwoblèm yo te dekouvri pandan ankèt la.

LD/CPS gen abilitasyon tou pou mennen ankèt ki konsantre sèlman sou risk yo. Yon ankèt ki konsantre sèlman sou risk ap pèmèt yo evalye risk aktyèl ak alavni pou timoun ak adolesan yo ki nan etablisman an.

Pandan ankèt la ou kapab:

- Mande yon lòt adilt ki pa enplike nan ankèt la pou l prezan pandan entèvyou w la. Ou dwe siyen yon fòmilè konsantman pou enfòmasyon yo ka pataje.
- Refize pase yon entèvyou. Si w refize pase yon entèvyou, LD/CPS ap pran yon desizyon san l pa pran an kont avi w, sof si ou voye yon repons ekri avan ankèt la fini.
- Ou ka reponn ak alegasyon yo alekri nenpòt kilè, epi bay tout dokiman pètinan pou ankèt la. CPS ap ajoute l nan dosye w la.
- Ou ka fè yon demann divilgasyon piblik nan **dcyf.publicdisclosure@dcyf.wa.gov**.

Kiyès mwen dwe kontakte si mwen gen enkyetid konsènan ankèt la?

Si ou gen enkyetid sou kijan dosye w la te trete, tanpri kontakte sipèvizè anketè a an premye. Si ou estime pwoblèm nan pa rezoud, kontakte administratè rejyonal reponsab la.

Ou ka kontakte Office of Constituent Relations (Biwo Relasyon avèk Izaje yo) nan 1-800-723-4831 pou jwenn èd nenpòt kilè.

– oswa –

Ou ka kontakte Office of the Family & Children's Ombuds (Biwo Medyatè Fanmi an ak Timoun yo)* nan 1-800-571-7321.

Pou plis enfòmasyon sou lwa eta ki reglemante LD/CPS yo, tanpri ale nan RCW 26.44.020: **https://app.leg.wa.gov/rcw/default.aspx?cite=26.44.020** ak WAC 110-30: **https://app.leg.wa.gov/wac/default.aspx?cite=110-30**

** Ajans sa endepandan de DCYF epi gen abilitasyon pou mennen ankèt sou tout preyokipasyon konsènan DCYF.*

Enfòmasyon kontak ki enpòtan



Biwo LD/CPS nan tout eta a

REJYON 1
316 W. Boone Ave.,
Ste 500
Spokane, WA 99201

REJYON 2
1002 N. 16th Ave.,
Yakima, WA 98902

REJYON 3
8625 Evergreen Way,
Ste 250
Everett, WA 98208

REJYON 4
4045 Delridge Way SW,
Ste 201
Seattle, WA 98106

REJYON 5
1949 S. State St.,
Tacoma, WA 98405

REJYON 6
6860 Capitol Blvd. SW,
Bldg #2
Tumwater, WA 98501

Si w gen nenpòt kesyon sou yon ankèt, kontakte nou sou **dcyfdlliccpsfcadministrativestaff@dcyf.wa.gov**.

Moun k ap Pran Swen Timoun nan Fanmi Akèy ak nan Fanmi Pwòch Sèlman

Foster Intervention and Retention Support Team (Ekip Entèvansyon ak Akonpayman nan Retansyon Fanmi Akèy yo, FIRST) se yon resous ki disponib pou paran fanmi akèy ak moun k ap pran swen timoun nan fanmi pwòch yo pou ba ou asistans pandan yon ankèt LD/CPS. Li bay referans pou resous kominotè yo tou. Ou ka kontakte FIRST nan 866-393-6186.

Founisè Gadri yo ka vizite sitwèb DCYF la pou yo jwenn enfòmasyon ak sipò sou **www.dcyf.wa.gov**.

Washington State Department of Children, Youth & Families
Licensing Division
1500 Jefferson St. SE
Olympia, WA 98501

Si w se yon moun ki gen yon andikap epi si ou enkyè konsènan dwa ou yo jan Americans with Disabilities Act la prevwa sa, tanpri konsilte piblikasyon *ADA/504 Public Notice of Nondiscrimination* (ADM_0026) pou w jwenn plis enfòmasyon ak enstriksyon sou kòman pou w depoze yon plent anliy sou **www.dcyf.wa.gov/publications-library/ADM_0026**.

Si ou ta renmen gen kopi piblikasyon sa a nan yon lòt fòma oswa nan yon lòt lang gratis, tanpri kontakte DCYF Constituent Relations nan 1-800-723-4831 oswa voye yon imèl bay ***communications@dcyf.wa.gov****.*

DCYF PUBLICATION LIC_0002 | DSHS 22-452 HC (02-2026) Haitian Creole